

Reyalite nan kriz lojman epi ed ki disponib

Apwopo kriz lojman nan Massachusetts

- Boston se dezyem vil ki pi chè **dan le mond** pou yon apatman yon sel chanm akouche (*Numbeo Cost of Living Index, 2025; reported by NBC Boston*)
- Zonn Metropolitenn Boston genyen ladann dezyèm pi gwo pousantaj moun ki pa gen kote pou yo retec nan pam 45 gran vil etazini, se sèl New York ki bat li. (*Boston Indicators, 8/5/24.*)
- Rapo a fè konnen ke genyen “ Yon mank extrodinè apatman ki abodab a pri ki sou mache lojman an, sa limite moun ki gen mwayen modès pou yo jwen apatman san èd leta.”

Apwopo de Asistans pou kesyon lojman nan Massachusetts

Pa gen ase apatmen ki subvansyone (lwaye a ba pri) epitou pa gen anpil mou ki demenaje. Nan lane 2022 fok yon moun te rete tann 4 an pou te kapab jwen yon apatman ki subvansyone . Lis datant ki pi long nan gen owmen 10 lane. Anpil nan lis datant, si se pa tout pap aksepte nouvo aplikasyon.

Pentèt ke w te tande pale de “ Lojman an ijans ” osinon “Statu priyorité”. Si w kalifye pou li sa a wap jwenn apatman pi rapid—men se pa brip sou kou; li kapab fasilite w pou vinn sou yon lis, oubyen tou li kapab fe non pa w avanse pi rapid sou lis datant lan. Byenke li kabap dekourajan, sizoka ou elijib, nou ta ankouraje w pou aplike.

Kijan nou kapab ede w

- **Nou kabab** fè w konnen dwa ou genyen sizoka ya p mete deyo epitou si gen yon bagay ki kapab ede w rete nan apatman w .
- **Nou kapab** fè w konnen ki èd an ijans ki genyen pou anpeche w pedi apatman w, tankou pwogram yo rele RAFT, Nou ka fe w konnen eske w kalifye ou pa, epitou eksplike w kijan pou aplike.
- **Nou kabab** refere w a yon ajans nan zonn ou defason pou mande eske gen lot èd oswa lot opsyon pou pemet ou rete nan apatman w .
- **Nou kapab** bawou enfomasyon sou kijan pou koumanse chache apatman ki subvansyone, kibo ou aka jwenn plis enfomasyon epitou ki kote pou jwenn ed pou aplike.
 - **Nou pa kabab** aplike pou wou, nou pa kapab fè w jwenn yon apatman.
- **Sizoka ou pa gen kote pou rete (osinon ou riske domi nan lari) nou kapab** pale w de abri pou mou ki majè oubyen pou fanmiy tou epitou montre w kijan pou aplike. Abri nan Massachusetts konn genyen yon lis datant . Leta bo isit ap ekate moun de abri yo menm lè yo pa genyen yon kote ki ofri yo sekirite pou yo ta ale.